

LAMPIRAN

SERAT WULANGREH

*Lampah dhateng saening tumindak*

1. *Padha gulangen ing kalbu  
ing sasmita amrih lantip  
aja pijer mangan nendra  
ing kaprawiran den kesth  
pesunen sariranira  
cegahen dhahar lan guling*

2. *Dania lakunireki  
cegah dhahar lawan guling  
lan aja kasukan-sukan  
anganggoa sawatawis  
ala wateke wong suka  
nyudaprayitna ing batin*

(Kanjeng Susuhunan Pakubwana IV, 1991: 16)

SERAT WEDHATAMA

33. *Ngelmu iku  
kalakone kanthi laku  
lekase lawan kas  
tegese kas nyatosani  
setya budaya pengekes dur angkara*

34. *Angkara gung*

*Nengga angga anggung gumulung  
gogolonganira  
triloka lekere kongsi  
yen den umbar ambabar dadu rubeda*

35. *Bada lamun*

*kang wus sengsem reh ngasamun  
semune ngaksama  
sasamane bangsa sisip  
sarwa sareh saking mardi martotama*

36. *Taman limut*

*durgameng tyas keng weh limput  
karem ing karamat  
karana karoban ing sih  
sihing sukma ngreda sahardi gengira  
(KGPAA Mangkunegara IV, 1991: 40 & 42)*

*SERAT TRIPAMA**Suwanda*

*Yogyanira kang para prajurit,  
lamun bisa sira anulada,  
duk ing nguni caritane,  
andelira Sang Prabu,*

*Sasrabau ing Maespati,  
aran patih Suwanda,  
lelabuhanipun,  
kang ginelung tri prakara,  
guna kaya purun ingkang den antepi,  
nuhoni trah utama*

*Wonten malih tuladan prayogi,  
satriya gung ing nagri Ngalengka  
Sang Kumbakarna arane,  
tur iku warna diyu,  
suprandene nggayuh utami,  
duk wiwit prang Ngalengka,  
denya darbe atur,  
mring raka amrih raharja,  
Dasamuka tan keguh ing atur yekti,  
dene mungsuh wanara.*

*Wonten malih kinarya palupi  
Suryaputra Narpati Ngawangga,  
lan Pandhawa tur kadhange,  
len yayah tunggil ibu  
suwita mring Sang Kurupati,  
aneng nagri Ngastina,  
kinarya gul-agul,*